

20
DINA LIBUR
(lagu kroncong)

Dina libur sliweran montor jawatan
rupa-rupa montor jip lan séðan
sing nitih para putra
lan pak kepala sekalayan

Lenggat-lenggut nèng montor sajak kepénak
gliyak-gliyak playuné ra ngoyak
mèsam-mèsem bung kepala
panggalihé katon ayem

Ménggok ngétan, mandeg jègreg
mampir nyang rèstoran
ééé, pak supir meṭèngkrèng
ora suwé njur diteri cap-jaé gorèng

Mung émané montoré ana gambaré
wajik abang nèmplèk ing kacané
nandakaké kuwi montor ðines
jawatan sing duwé

Pangrasané laku iki kèh nyatané
masarakat kèh kang ða meruhi
sesliweran montor jawatan
kang dienggo kelèncèran

Rama-ibu putra-putri paða aksi
nyrebat krambil kang sajak meruhi
mumpung ana montor nganggur
bèngsin kebak wanci libur

Pancèn pénak, sarwa gratis
gèk ya kari nyéngklak
lan yèn ana rusaké, gampang banget
mung kari mréntahké baé

Paða sara, sarané wong kang prasaja
nadyan ana montor kari nyéngklak
nganti butak yèn lelungan
klakoné mung nunggang bécak.